

SISTÈM SANTE NAN CHILI

Búscanos como sjmchile:



SISTÈM SANTE NAN CHILI

Sistèm sante nan Chili genyen de sektè: youn piblik epi lòt la prive.
Nan sektè piblik la genyen Fon Nacional Sante (FONASA)
Nan sektè prive, Enstitisyon Sante Previzyonèl (ISAPRE)

Kòman mwen ka jwenn swen medikal ak FONASA?

Genyen de tip de prestasyon nan Fonasa

1-Modalite Atansyon Enstitisyonèl (MAI)

Atansyon yo bay nan etablisman piblik ki konfòme pa rezo asitansyèl sa:

CESFAM (Centros de Salud Familiar)

SAPU (Servicio de Atención Primaria de Urgencia)

C.R.S. (Centros de Referencia de Salud)

C.D.T. (Centros de Diagnóstico Terapéutico)

Hospitales Públicos

2-Modalite lib pou fè chwa (MLE)

Moun yo kapab genyen swen nan prive oswa ak pwofesyonèl ki genyen yon akò. Pou sa ou dwe achte yon bonis atansyon.

Kòman ou kapab gen aksè ak sistèm nan si mwen se inmigran?

Tout moun inmigran gen dwa pou gen aksè a prestasyon sante piblik.

Etranje ki nan sityasyon migratwa regilye gen aksè a swen sante nan menm kondisyon ke tout moun nasyonal yo. Moun inmigran ki pa gen resous ekonomik, san dokiman oswa san pèmi residans y'ap benefisye de Asirans Piblik (FONASA Tramo A)

Si mwen se yon refijye ki dwa mwen genyen?

Refijye yo genyen atansyon total epi dirèk nan sistèm sante piblik la.

Kòman mwen kapab genyen FONASA si mwen pa gen Rut ?

Si ou bezwen atansyon sante ou dwe ale nan sant sante piblik ki pi prè lakay ou.

Ou dwe pote dokiman swivan sa yo:

-Dokiman Idantifikasyon (Paspò/DNI)

-Sètifika de Rezidans oswa papye dlo ak kouran

Si w'ap travay epi ou genyen viza nan pwosesis, y'ap fè pwosesis Rut pwovizwa ki sèlman l'ap kapab itilize pou peye prestasyon previzyon ak sante.

*Nan ka sa anplis de dokiman ki mansyone yo ou dwe genyen kontra travay epi dirije nan nenpòt biwo FONASA pou fè pwosesis lan.

Ki dwa timoun, adolesan ak fanm ansent yo genyen?

Timoun ki poko gen 18 lane ak fanm pandan gwosès, akouchman an jiska 12 mwa aprè akouchman, menm lè yo nan yon sitiyasyon migratwa iregilye, yo genyen dwa a:

- Jwenn aksè ak tout prestasyon medikal ki nesèsè, tankou kontwòl medikal pandan gwosès la
- kontwòl pa lane sou kwasans timoun nan jiska 9 lane ak tout benefis ki genyen nan pwogram “Chile Crece Contigo” (Chili ap grandi ak ou).
- Resevwa konpleman alimantè (lèt) ak medikaman ki endike yo.
- Entegre nan Plan Auge, ki garanti aksè ak FONASA oswa ISAPRES prestasyon sante pou yon gwoup maladi ki nan lis “AUGE”. Sant sante a kapab tou bay yon sètifika gwosès ki pral pèmèt ou fè pwosesis viza tanporè ou pou fanm ansent ak tretman medikal nan ka ou nan yon sitiyasyon iregilye.

Plis enfòmasyon vizite: Guía Práctica para la Atención de Salud a personas Migrantes

<http://www.hospitalfricke.cl/wp-content/uploads/2017/12/Cartilla-Migrantes.pdf>

ENSTITISYON POU APWI SANTE MANTAL AK BYENNÈT

Chili gen Plan Sante Mantal (2017-2025), ki gide aksyon diferan pou byennèt ak amelyorasyon nan sante mantal moun yo.

- Pwomosyon sante mantal
- Prevansyon nan maladi mantal yo
- Garanti swen sante mantal ak enklizyon sosyal
- Plan sante mantal kominotè, nan twa nivo atansyon.

Nivo primè: Konsiltasyon, pwomosyon ak prevansyon sante mantal.

- Centros de Salud de Atención Primaria (CESFAM)
- Centros Comunitario de Salud Familiar (CECOSF)
- Postas de Salud Rural (PSR)
- Hospitales Comunitarios

Nivo Segondè: Refere ak yon espesyalite ekstèn nan Sante Mantal.

- Centros Comunitarios de Salud Mental (COSAM)
- Centros Adosados de Especialidades (CAE)
- Centros de Diagnóstico y Tratamiento (CDT)
- Centros de Referencia de Salud (CRS) Servicios de Psiquiatría

* Nivo primè epi segondè, plis pwoteksyon epi mwens konplikasyon. Sante nan sante fanmi, ki lokalizenan katye yo pou fasilite aksè ak sèvis yo.

Twazyèm Nivo: Suivi ak referans avèk Espesyalis yo

- Hospitales de día adulto e infante adolescente
- Unidades de Hospitalización de Cuidados Intensivos en Psiquiatría (UHCIP) (Corta Estadía)
- Unidades de Hospitalización de Cuidados Intensivos en Psiquiatría (UHCIP) (Medio Privativo)
- Hospitales Psiquiátricos

* Twazyèm Nivo: mwens pwoteksyon men plis espesyalite.

Ki moun ki ka jwenn atansyon?

Moun Benefisyè de FONASA oswa PRAIS (Pwogram de Reparasyon e Atansyon Konplè nan Sante ak Dwa Moun), ki enskri nan Sant Sante pou Fanmi (CESFAM), Estasyon Medikal katye(EMB) oswa ki sòti nan lòt ka nan Rezo Sante kòm lopital ak inite sikyatri.

Aksè ak nivo sa a depann de referans ki fèt nan enstitisyon de premye nivo. Twazyèm nivo a koresponn ak enstitisyon ki an chaj nan tretman reyabilitasyon pou moun ki afekte pa maladi mantal oswa dejeneratif.

Ki jan ou ka resevwa atansyon?

Pou jwenn aksè ak atansyon sikolojik ak FONASA, ou dwe mande yon èdtan pou medsin jeneral (kote ki preferans ou), sa a pral an chaj pou refere ou ak atansyon sikolojik. Nan ka CESFAM, ou dwe ale nan some ki koresponn ak ou epi mande yon lè ak yon travayè sosyal, li pral detèmine atansyon pou swen sante mantal.

Nan nivo segondè nou jwenn Sant Kominote Sante Mantal (COSAM), yo se sant swen anbilan espesyalize nan pwoblèm sante mantal konplekse, modere epi grav.

Plis enfòmasyon vizite:

<https://www.minsal.cl/wp-content/uploads/2017/12/PDF-PLAN-NACIONAL-SALUD-MENTAL-2017-A-2025.-7-dic-2017.pdf>

LIY DAPWI EMOSYONÈL NAN KONTÈKS COVID-19

Kisa apwi emosyonèl yo ye?

Yo se kanal atansyon byennèt sikolojik, emosyonèl oswa mantal nan kontèks la k'ap bay sèvis oryantasyon, apwi, ak konsèy, sipò emosyonèl a travè de yon atansyon konvenyan.

Si ou bezwen atansyon psikolojik kote mwen kapab rele?

Programa Salud Responde: Yo bay atansyon nan 365 jou nan lane a 24 èdtan nan jounen an.

Nan sitiyaasyon kriz ou ka rele nan telefòn **600 360 7777 opción 4**

Pou plis enfòmasyon vizite: <https://saludresponde.minsal.cl/>

TIMOUN EPI ADOLESAN:

Fundación Integra: Apwi psikolojik pou elvajyo bay atansyon pa psikòlòg espesyalis nan tèm timoun epi fanmi. Atansyon de lendi à vandredi de 08:30 pou 9:00 a nivo nasyonal.

Fono Infancia: 800 200 188. Sitio web: http://www.fonoinfancia.cl/?page_id=8

MOUN AJE:

Servicio Nacional de Adulto Mayor (SENAMA) sèvis pou apwi emosyonèl ak moun majè.

Fono Mayor Covid-19: 800 4000 35.

Atansyon a nivo nasyonal pou espesyalis nan atansyon ak moun aje.

Fundación Amanoz: akonpanyeman emosyonèl epi afektif pou moun majè a travè de volontè

Fono: 56 (02) 371 39 63 – 56 (02) 370 12

<https://www.amanoz.cl/noticias/acompanamiento-telefonico-amanoz/>

POBLASYON INMIGRAN:

Asila- Asociación de Inmigrantes Latinoamericanos: Bay premyè swen psikolojik ak moun inmigran pa telefòn +56 94690 8559

Rekòmandasyon pou pran swen byennèt de tout moun nan kontèks Covid la.

https://www.minsal.cl/wp-content/uploads/2020/04/2020.04.12_GUIA-PRACTICA-CUARENTENA-EN-TIEMPOS-DE-COVID19_final.pdf

KISA POU MWEN FÈ NAN KA MWEN KONTAJE?

Si mwen sòti nan yon lòt peyi, mwen te an kontak ak moun kontaje kisa mwen dwe fè?

- Ale imedyatman nan sant ijans ki pi prè (cesfam, lopital oswa klinik) kote yap fè egzamen an pou konfime oswa refize viris la.
- Si tèst la pozitif, y'ap rele ou nan telefòn pou ou kapa kòmanse distans

E si mwen genyen sentòm, kisa mwen dwe fè?

- Dwe itilize kachnen
- Evite transpò piblik (sitou Metro nan orè ki gen anpil moun) pou pa ekspozè lòt moun yo

Mwen pat sòti aletranje, nonplis mwen pat gen kontak ak ka konfime, men mwen gen difikilte pou mwen respire

- Dwe ale nan yon sant asistansyèl e li ideyal pou avize ke ou prale la.

Mwen gen sentòm modere, Tankou tous, oswa doulè gòj, men san fyèv

- Li rekòmande pou pran swen w' lakay ou.

Egzamen PCR pou detèmine Covid-19 la genyen pri?

- Egzamen PCR Pou bi administrasyon sante piblik la, tankou sa ki pran nan ayewopò an, li gratis.
- Fè tès la volontèman epi ou afilye ak Fonasa, ou ka fè li nan yon lopital piblik, depi 24 Mas ki sòt pase a tès la gratis pou moun ki fè pati nan nenpòt seksyon (A, B, C oswa D).
- Moun ki afilye avèk yon Isapre yo kapab sibvansyone benefis sa a nan enstitisyon respektif yo jan otorite Sante a deklare. L'ap koute yon pri maksimòm \$ 25,000 pesos.

Si mwen dyagnostike ak Covid-19, mwen gen dwa pou gen lisans ?

- Wi, ou genyen dwa pou gen lisans epi tout dwa ke sa siyifi.

Si mwen kontaje pandan mwen t'ap travay?

- Administratè asirans ak aksidan pwofesyonèl yo dwe pran sa anchaj. Pou plis enfòmasyon konsilte sou: www.direcciondeltrabajo.cl oswa rele nan 600 450 4000.
- Patwon an ak travayè a kapab akòde ansanm travay a distans oswa lòt mwayen altènatif

Ki obligasyon patwon an pou li pwoteje travayè li yo?

Li dwe pran tout mezi de pwoteksyon pou sante travayè yo, pandan l'ap enfòme risk ki genyen epi kenbe kondisyon ijyèn e sekirite ak objektif pou evite pwopagasyon viris la.

Sit web pou plis enfòmasyon:

<https://www.gob.cl/coronavirus/>

Enfografi:

<https://www.pauta.cl/calidad-de-vida/que-hacer-paso-a-paso-ante-sospecha-coronavirus-en-chile>

Búscanos como sjmchile:

